

Egzijans Rapèl BILH kont COVID-19: Kesyon yo Poze Souvan

Ki jan BILH defini "konplètman vaksinen" oswa "ajou" ak vaksen COVID-19 la?

Nan moman sa a, "konplètman vaksinen" vle di ke yon manm pèsonèl resevwa seri vaksen prensipal COVID-19 epi vaksen rapèl ki apwopriye a, yon fwa ke li kalifye. Espesyalman, manm pèsonèl la dwe resevwa yon twazyèm vaksen mRNA (Moderna oswa Pfizer) yon fwa ke yo gen senk mwa apre dezyèm dòz yo a. Anplwaye ki te resevwa vaksen Janssen/Johnson & Johnson (J&J) ap bezwen yon dòz rapèl de mwa apre premye dòz yo a. Se menm bagay la CDC rele "[ajou](#)" ak vaksen COVID-19 ou yo. Ou ka aprann plis sou vaksen rapèl sou [sitwèb Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi \(CDC\)](#).

Kilè mwen bezwen pran dòz rapèl mwen an pou yo ka konsidere mwen ajou?

Apati 1ye mas 2022, yo pral egzije yon dòz rapèl kòm yon kondisyon travay pou anplwaye ki te resevwa yon seri vaksen Pfizer oswa Moderna sa gen senk mwa oswa plis oswa ki te resevwa yon vaksen Janssen/Johnson & Johnson (J&J) sa gen de mwa oswa plis.

E si mwen poko kalifye pou yon rapèl?

Selon lè ou te pran premye vaksen an, ou ka pa kalifye pou yon rapèl anvan dat limit 1ye mas la. W ap gen yon mwa apati dat ou kalifye a pou w ka a jou ak vaksen COVID-19 ou yo.

Poukisa BILH ap chanje definisyon konplètman vaksinen kont COVID-19 la?

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) [rekòmande anpil](#) dòz vaksen rapèl kont COVID-19 pou moun ki gen plis pase 12 an. BILH, ansanm ak lòt lopital yo ak sistèm swen sante yo nan Massachusetts, non sèlman apiye konsèy sa a, men nou kwè se pi bon fason pou nou asire nou ke nou byen prepare ke posib pou pwochen varyan oswa vag ki ap vini an.

Gen [done](#) konsiderab ki montre ke efikasite vaksen an bese pandan tan ap pase epi [dòz rapèl yo bay pi bon pwoteksyon](#) kont enfeksyon epi tou anpeche maladi grav, entènè lopital, ak lanmò. Ou gen mwens chans pou ou enfekte ak COVID-19 si ou ajou ak vaksen COVID-19 ou epi kidonk, gen mwens chans pou ou transmèt viris la bay lòt moun si ou pa enfekte an premye.

Nou pa konnen ki karakteristik pwochen varyan an pral ye, kidonk nou dwe prepare kounya pou asire ke nou kapab kenbe angajman nou pou swen pasyan an sekirite.

Èske mwen pral bezwen pran yon lòt rapèl nan sezon otòn la? Èske sa a pral yon obligasyon chak ane?

BILH pral kontinye kontwole konsèy klinik yo ki gen rapò ak tout vaksen yo, epi li pral ajiste politik li yo pou pi byen sipòte anplwaye yo ak sekirite pasyan yo. Rete ajou ak tout vaksen ou yo, sa ki kont COVID-19 yo tou, ap ba ou menm, pasyan nou yo ak kominote nou an pi bon pwoteksyon.

Mwen te fèk sot gen COVID-19. Nan konbyen tan mwen ka pran rapèl mwen an?

Ou ka pran rapèl ou yon fwa ke ou gen otorizasyon pou soti nan izolasyon/retounen nan travay. Tanpri kontakte Sante Anplwaye si ou ta renmen benefisye de yon eksepsyon medikal tanporè ki ta ba ou plis tan pou reponn ak egzijans rapèl la.

Ki kote mwen ka pran vaksen kont COVID-19?

Sante Anplwaye BILH ap kontinye bay opòtinite sou plas pou resevwa vaksen COVID-19 la. Genyen tou yon [lis klinik kominotè ki ap ogmante](#) ki ofri vaksen COVID-19, gratis, nan tout eta Massachusetts.

E si mwen gen yon eksepsyon ki te apwouve pou vaksen COVID-19?

Nan moman entwodiksyon règleman vaksinasyon obligatwa yo an 2021, BILH te swiv yon pwosesis konplè ak entèraktif pou nenpòt anplwaye ki t ap chèche yon eksepsyon pou vaksen COVID-19 la. Tout desizyon eksepsyon ki te pran pandan pwosesis sa a ap rete an vigè an fonksyon de chak ka endividyèl; ou pa bezwen fè yon lòt demann pou yon eksepsyon.

E si mwen ta renmen fè yon demann pou yon eksepsyon pou premye fwa?

Tanpri vizite entranèt lopital/inite operasyonèl ou a pou ranpli yon fòmilè eksepsyon medikal oswa relijye.

Èske yo ap peye mwen si mwen pa al travay akòz sentòm apre vaksen an?

Vaksen COVID-19 la ka lakòz efè segondè. Pifò efè segondè yo lejè epi yo pa dire lontan, epi se pa tout moun ki souffri yo. Manm anplwaye ki genyen sentòm modere ak grav ki anpeche yo fè aktivite kotidyen yo pa ta dwe vin travay jiskaske sentòm yo disparèt. Yo ap peye anplwaye ki reponn kritè sa a si yo rate yon lè travay ki te pwograme pandan premye 48 èdtan apre vaksinasyon an.

E si mwen deja iminize kont yon enfeksyon COVID-19?

CDC rekòmande anpil pou tout moun ki kalifye yo resevwa vaksen prensipal ak dòz rapèl vaksen COVID-19 la, menm moun ki te deja gen COVID-19. Yo pa rekòmande tès antikò pou pran desizyon konsènan vaksen an.

Enfòmasyon sou pwoteksyon ke enfeksyon ak SARS-CoV-2 (iminite natirèl) la bay, oswa enfeksyon ki konbine avèk vaksinasyon (iminite ibrid) toujou ap evolye, espesyalman lè nouvo varyan yo parèt. Vaksen an rete estrateji ki pi an sekirite pou anpeche enfeksyon SARS-CoV-2 yo, entèn lopital, konplikasyon alontèm ak lanmò a lavni.

BILH kontinye swiv konsèy CDC ak Depatman Sante Piblik Massachusetts sou konsiderasyon klinik pou itilizasyon vaksen COVID-19 yo. Antanke yon anplwaye, ou toujou oblije pran vaksen an menm si ou refè apre COVID-19. Moun ki te trete pou COVID-19 ak antikò monoklonal oswa plasma konvalesan ap bezwen tann yon ti tan apre yo fin refè anvan yo ka pran vaksen an; sepandan, pifò moun ka pran vaksen COVID-19 san danje yon fwa yo refè apre maladi yo epi yo reponn ak kritè pou yo soti nan izolasyon. Yo ap siveye ak anpil atansyon konsèy konsènan moman vaksinasyon an apre enfeksyon natirèl epi règleman BILH yo pral ajou kòm sitiyasyon an chanje epi plis enfòmasyon vin disponib.

Èske mwen ka fè yon tès antikò pou detèmine si mwen bezwen yon rapèl COVID-19?

Tès antikò pou COVID-19 yo la pou chèche si gen antikò ki fèt kòm yon repons a yon enfeksyon oswa vaksinasyon anvan. Yo se yon endikatè efò kò a fè pou konbat viris SARS-CoV-2. Yo pa te valide okenn nan [tès antikò SARS-CoV-2 aktyèlman ki otorize](#) pou evalye iminite espesifik oswa pwoteksyon kont enfeksyon SARS-CoV-2.

[Aktyèlman yo pa rekòmande](#) tès antikò pou evalye:

- Iminite kont COVID-19 apre vaksinasyon COVID-19
- Nesesite pou pran vaksen an